# ГЬУДУЛЛЪИ / ДРУЖБА

№ 23-24 (10096-97) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 25 Март 2020г/АрбагI


*Болъихъ район гIадаб, жибго берцинаб,*
*Бихьизе бокьулеб ракьги лъаларо.*
*Балъхъадерил гIадаб, гIамал берцинаб,*
*ГIадамал хирияб халкъги лъаларо…*

*ГIабасил МухIамад*
*Дагъистаналъул халкъияв поэт.*



# ИХДАЛИЛ БАЙРАМАЛ…



Всеми́рный день поэ́зии — ежегодный праздник, отмечаемый 21 марта. Этот праздник был учрежден ЮНЕСКО (Организация Объединённых Наций по вопросам образования, науки и культуры) в резолюции 30-й сессии Генеральной конференции ЮНЕСКО, принятой 15 ноября 1999 года

Всемирный день писателя возник в конце 20 века. На 48-м съезде писательского клуба было решено учредить новый праздник. С тех пор, а именно с 3 марта 1986 года, эта дата стала памятной для писателей со всего мира. Праздник стал международным.



Весной 2007 года Александр Соколов, который на тот момент являлся министром культуры, выступил с инициативой о предоставлении этому дню статуса государственного праздника. В качестве даты было выбрано 25 марта. Президент поддержал такое решение и в августе 2007 года подписал соответствующий Указ.

«Всемирный день театра» установлен в 1961 году по инициативе делегатов IX конгресса Международного института театра (МИТ) при ЮНЕСКО (учрежден в Праге (Чехословакия) в 1948 году). Союз Советских Социалистических Республик являлся членом МИТ начиная с 1959 года, с той поры, когда в столице СССР городе Москве, на базе Всероссийского театрального общества, был создан Советский Национальный центр Международного института Театра.

# АДАБИЯТАЛЪУЛ ГЪАСДА

## ЭБЕЛАЛЪЕ САЙГЪАТ

Гьанжего-гьанже рогьун букIана дунял. Жеги эбел- эмен кьижун рукIадго, бусадаса тIаде вахъана байбихьул классалда цIалулев ГIабдула ва хехаб къагIидаялъ ретIелги ретIун, гьезда рагIулаpenínsula лъугьана.

«ГIазим вахъун вугодай! кIодо сапаралде иналде гьев вахъинавизе ккола»-ян пикраби гьарулаго ГIабдула гIел бащадав мадугьал ва гьудул ГIазим вахъинавизе вилълъана.

ГIазим абуни, сон гьабураб кьотIиялда рекъон, цIудунго тIадеги вахъун, кавудул кIалтIа чIун ватана.

- БоцIуе рагIи-хер базе эбел индал, гьелда вихьичIого, талихIалъ, къватIиве ворчIана дун,-ян абуна ГIазимица,- гьанже нилъ хехлъи гьабун дур кIодо сапаралъ иналде гьелъухъе рилълъине ккола.

ГIабдулал кIодол мина-бакI цогидаб авалалда букIана. Гьел гьелъухъе щвараб заманалда кIодо гIака бечIчIизе ине хIадурлъулей ятана.

- Вуй, нуж лъица толарого ругел, дир лъимал, гьаб рогьалилъго дихъе рачIине. Ккараб-тараб жогIагицин гурищ бугеб? Эбелинсуда лъалебищха, ГIабдула, нуж дихъе араблъи?-ян тамашаго гьезухъги ялагьун абуна кIодоца.

КIалдиб лъим босарал гIадин, лъимал гIенеккунги чIун рукIана. Гьезул берал чIваркьун ралагьун рукIана горда лъун гIезарурал, рукъалъул тIугьдузухъ.

КIодол рукъалъул кIиябго гордо цIун букIана гIиссинал балхъалисазул щагIил хъабузда жанир рижарал батIи-батIиял берцинал тIугьдуз. Рукъалъул тIугьдул гIезаризе цIакъ бокьулей гIадан йикIана гьей. ТIугьдузухъ ралагьун ругел рахIат хварал берал рихьидал кIодоца абуна: «ГIабдула, цощинаб жакьаги мун тIугьдузда хадувцин гурищ вачIарав?

-У, баба,-ян хIеренго абуна ГIабдулаца.- Нижее гьениса тIун цо-цо тIегь кье, дахIабаба.

- Вай, дир вас, бегьуларо гьездаса тIегь тIезе, дол цинги ракьвала,-ян гьел тIаса рихьизе бокьун жаваб кьуна кIодоца.

- Гьездаса тIезе бегьичIони хъабулгун цадахъго кьеха нижее.

- Кьеларо. Нужеца гьел гIададаго хвезарула,- янги абун жиндирго ишалде юссана кIодо.

- ДахIабаба, дуе бокьараб хIалтIиги гьабила, бокьоса ракги бахъила нижеца, дуе сахлъи кьеги, дахIабаба,- ян абуна ГIабдулаца щакърахxулаго ГIазимидаса нечаниги.

- Хех рокъоре а, нуж цIехола улбул ратизе руго. Дун нужеда регIун гьечIо, гIакаги беччIун дун дирго хъулухъалъ АнсалтIе ине ккола,- янги абун гьелъ лъимал рокъоса къватIире регIана.

Лъималазда бичIчIана кIодоца кигIан гьараниги тIугьдул кьезе гьечIеблъи ва гьез хIукму гьабуна гьей бокьое инегIан рахчунги чIун жидецаго росизе. ТIугьдузе гIоло гьаб рогьалилъ къватIиреги рахъун, гьел гьечIого тIад руссун рокъоре ине бокьун букIинчIо гьезие. Гьезул анищ букIана кIодохъан тIугьдулги росун, жидерго улбузда микьабилеб март баркизе. Бихьиназ гьеб байрам руччабазда баркизе ккеялъул рахьалъ, школалда учителас кагIемер бицун, гьира базабурал гьел васазе бокьун букIана жидее бищун хирияй, чIужугIаданэбелалъе тIугьдулги кьун байрам баркизе.

КIодо бокьое индал лъималаз тIугьдузул гьитIинал, берцинал хъабул къватIиреги росун рахчизаруна ва гьей гIакаги бечIчIун тIад юссинегIан кьерунги чIун, гьелда хадурго жаниреги лъугьанила. Ясалъул вас ГIазимгун цадахъ тIадруссун рачIиндал, рокъоре щай инчIел абун семизе лъугьана кIодо.

- ДахIабаба, мун тIаса лъугьа, дуе гьереси бицине бокьун гьечIо. Дур къарумлъиялдаги ракI бухIун, тIугьдул нижеца росун рокъоре щвезаруна,- ян абуна ГIабдулаца хIалимлъиялда.

Гьей цо параялъ горда ругел тIугьдузухъ ялагьана ва гьениса кIиго гьитIинаб тIугьдузул хъабул камун рукIин рихьидал цим бахъун васазде ахIдезе лъугьана.

- Гьеб хIалалда, рикъизегIан, сундуе хIажатал нужее гьел рукIарал?

- ДахIабаба, кIочонищ тараб дуда, жакъа микьабилеб март руччабазул байрамалъул къо букIин? Баркула дуда гьаб байрам къо ва гьарула дуе щулияб сахлъи, рохел ва талихI! Духъа росарал гьел тIугьдулги кьун, дир гьудул гьав ГIазимиеги диеги бокьун буго улбузда баркизе.

Ясалъул васасул гьеб кIалъаялъ кIодол ракI хIеккинабуна ва каранда гьевги кьан хIеренго абуна: «Вай, дир вас, кIодол бетIер сверун букIун буго, дида гьеб ракIалдацин букIинчIо. Мун гурони гьеб байрам баркулев чи дир гIумруялъги ккечIо. Баркала буго дир лъимал, баркиялъухъ… А нужерго улбузда баркизе ва тIугьдулги дица кьунин абе.

КIодоца кампит-чакарги кьун, нухда лъуна йохиялъ каранда кьан рукIарал васал.

Берцинал багIар кьерал тIугьдузул хъабулги росун васал микьабилеб март баркизе рачIиндал, улбузул рохиялъул гIорхъи букIинчIо. Гьез карандa васалги кьан, гьезие баркалаги кьун гIисинккун щурана: «Баркала, дир вас, лъикIаб, хвел гьечIеб, чIагоял тIугьдузул сайгъат буго гьаб»-ян.

Салман ХIасбулаев.

## ТIАСА ЛЪУГЬА, ЭБЕЛ

Цо сордоялъ, квешго свакангун вукIун, кьижун ккун вугев дир гIинда чIвана бихьинчиясул гьаракь. Дунго вегун вукIараб рукъалъул нуцIил кIалтIаги чIун гIинтIамидал бичIчIана эбелгун гара-чIвариялда богорокъов гIодов чIун вугев чи гьелъул имгIал вукIин. Гьес дир эбелалда чанго нухалъ такрар гьабун абулеб бугоан росасе ине ккелин. Хадуб гьес вагIза гьабулеб гIадин абуна: «Дун вуго дур эмен гIадинав чи, жакъа къоялде щвезегIан инсуца гIадин дур тIалабги гьабулеб букIана, инша Аллагь, хадубги гьабизе буго. Инсуца ясалда росасе а яги ине кколин абулебги, гьарулебги нилъер магIарулазул гIадатги гьечIо, букIаниги, кигIан намуслъаниги, жакъа рукъалъе камураб жо теларин дуцаго мунго чIвалей духъги валагьун парахат вукIинчIого, бокьун буго дудаса гьеб бакIлъи тIаса бахъизе. Гьедин хIалтIулей йигони, кватIичIого мун бусаде ккела. Балагье, дудего, гьаб лъабго лъагIалида жаний мунго херлъун йигеб куцалде. Дир чIужу Написатил вацасул вас вуго дурго ригьалъул Калининградалда гIумру гьабулев вукIун, гьенибги чIалгIун рокъове вачIарав чи. Гьесул гIурусай чIужуги йикIун йиго, гьелъ гьаюрай цо ясги рагIула. Гьелги гьанирехун рачIунаро, гьевги гьал къояз рестораналъул директорлъун тIамун вуго. Гьесдани щиб гурин, дирго чIужуялдаги бицинчIо дица ракIалда бугеб жо . ТIоцебе хIажат буго гьелъие дур изну, хадуб кинабго дицаго тIубала».

-КIоларо! Дие хIажат гьечIо кинав вугониги росги, ГIалибулат гурев цоги бихьинчиги. ГIадамаз щиб абилеб?-анги абун гIодана эбел.

Харбида эбелги имгIалги тун, къватIиве лъугьана дун. Шагьаралъул къватIазда тирулаго чанцIулго хисана дир пикраби. Кинал гьел рукIаниги, эбел росасе ине бокьулеб букIинчIо. КватIун рокъове вуссарав дида имгIал ватичIо, эбелги егун ятана.

Гьелдаса хадувги чанцIулго вачIана нижехъе имгIал, амма бицунеб жо бальго букIунаан. КватIичIого эбелалъ чIегIер бахъана, гьелго къояз эбелалъул имгIалас дида лъазабуна, эбел росасе кьолей йигилан. Дида ракIалда буго гьесда бадиб зар кьабураблъи ва лъай босарав гIадин гIодовги чIун, ккун бетIергун, дадаянги ахIун дунго гIодаравлъиги.

ХIажи Сайпуев.

## ЧIУЖУ ЯЧИНЕ БОКЬИ

КъваригIанщинаб чIезабун тIалаб гьабулеб букIана гIандисес къороллъуда хутIарав херав инсул.

Цо къоялъ инсуца васасда абуна:

-Мугьаммади, дуца дие чIужу яче.

-Вагь-вагь, гьеб щиб рагIи, хирияв эмен, дица дуе къваригIанщинаб жо гурищ чIезабула бугеб?

-Дуца, дир вас, инсуца гьарараб жо тIубазабе.

Васас инсуе чIужу ячана ва цо къоялъ инсухъе ваккизе щварав Мугьаммадица гьесда гьикъана:

-Гьа, кIудияв, рази вугищ мун чIужу ячиналдаса.

Херас чIужу аскIое ахIана, ва гурдеги борхун жиндирго мугъ хъасизе тIамуна.

-Гьале, дир вас, анцIила щуго соналъ къороллъуда вукIана дун дуца хъулухъги гьабун, гьебщинаб заманаялъ букарулебго- букарулеб букIана дир мугъ, гьанже гьай ячиндал гурони букари кьотIичIо.

-Вагь-вагь, гьеб щиб, эмен, дуца бицунеб рекъечIеб жо, дицаги чанцIулго хъасун гурищ дур мугъ букIараб?

-Мугьаммади, дуца мугъ хъасулеб къагIидаги, гьалъ мугъ хъасулеб къагIидаги кIиго батIияб жо буго дир вас,-илан ракI парахат гьабуна инсуца.

**Гургинаб мина**

Мина базе хIадурлъулев гIандисесде тIаде ячIарай чIужуялъ аманатал гьарула:

-Вореха, Мугьаммади, дир эбелалъги цо бокIон ккезе букIин кIочонге,-ян.

Якьад рихарав гIандисес мина гургинаб бана.

**Халид СагIидов.**

# НИЛЪЕР КЛАССИКАЛ

## ВАБАЪ. ЖАКЪАСЕБ «КОРОНАВИРУС»


КьохIъа МухIамад
1874-1942 сс.

Вабаалъул тIел буго тIаде щвезе гIагарлъун,
ГIажалалъул лълъар буго росабазда бикьулеб.
Кьахъал кантIулел гьечIо, гьури-муч биццат буго,
Гьобол-гьудуласдаса росу цIунулел руго.

РекIа-ворчун вачIарав чIухIарав чи гурони,
ЧIовогояв гьардухъан гьукъун вуго росулъе.
Гьардарал-дахIалазе дунялалъул хиралъи,-
Хвезе рижун гьечIелин, даимго анир рукIа.

Дида аскIов гурони малакулмавт гьечIевин,
Гьури-муч хъвазе чIоге холераялъ холелин.
ГъалбацI цараде ккараб, ци катикьа хIинкъараб,
Гьеб заманаги щведал, щибизе гьаб дуниял!

Щура инарал гIадин гIалабиги чIухIидал
ЧIухIби-бегавулазда чIвазе гIайиб киб бугеб?
ЧIегIерхIайваназулги бацIал чIвазе къасд ккарал,
Къоял тIаде рачIиндал, чIунтаги гьаб дуниял.

Хъарчигъаялъул берал булбул хIинчIалъ рахъараб
Нахъа заманги щведал, щибулел нуж хвечIого!
Ханал гьарулел гIанкIал гIадамалъе рахъиндал
ГIажал дие щваниги, щукру БетIергьанасе.

Хъазахъ-гIурусги бачун, сверун росу ккуниги
СагIаталъ нахъе цIазе къадар дуда кIоларо.
Къойилго хвалчен бахъун Жамал вортанхъаниги,
Жаннаталде унезе элъ нухал къотIиларо.

Чармил къолден тIад ретIе, тIагIун бачIунеб бугин,
ТIибалъул сабаб къачIай къо лъугIарав холареб
Хекко гIарадаби цIе, гIажалалда речIчIизе,
Нужго дуниялги ккун, даимго анир тезе.

Диени гьабсагIаталъ хваниги кIвар гьечIоан.
Халикъас гурхIел гьабун хIуснул Хатимат щвани.
Холераялъул унтул ургъел гьабилароан
АлжаналъувегIаги рехилев лъалебани.

## СОВЕТАЛДЕ ЩАЛ РИЩИЛЕЛ...


1909-1944 сс.

**Цо нухалда Имангъазали гьалмагъзаби Жамалудин ИзмагIиловгун ва Абакар Окиевгун перерывги лъугIун хIалтIуде унев вукIун вуго.Чиртаялда щведал гьезда дандчIван вуго ЦIадаса ХIамзат. Имангъазалица ХIамзатида абун буго: «Мадрасалъ куцарав ГIакълудал чияс Бегьулебищ, ХIамзат ЧухтIу какине?» ХIамзатицаги жаваб гьабун буго: «Дуца абулелда Релълъаралщинал Заманалда рекъон Хьвадизе ккела».**

Выборный компания битIун гIуцIцIизе
ТIубараб кIвар гьабе, хириял вацал,
Цересел пикраби, гьереси ишал
АскIор къазе тоге тадбир гьабизе,

Макрезазда жаниб жендолеб гIадлу
ГIаммаб сураталда ссун ине тоге.
Басрияб зулму-хIал ссилъунги бихьун
Ссунареб хIалхъублъи хъатикье ккоге,

КIутIа-хъирща-кIитIун вацIцIадав хIаким
ХIелунги ккезаве хIакимлъиялде.
ТIубараб ихтияр кодобеги кьун
Классияб кьалда къвакIарав вище.

Чияр тайпаялъе кумек цIехолев
ЦIан рехе гьоркьосан вехъерхъун нахъе.
КIиго гьумер бугев гьоркьове ккани,
Хвезе буго хIалтIи тIаде гьавуге,

Гьунар-жигар бугев, зулму-хIал гьечIев
ХIалимав ккезаве Советалде чи.
ХIалимав вугилан ахIмакъги тоге
Тушбабазе бокьун иш ккезе гурин.

Жигарав чийилан жагьло цIикIкIарав
ЦIар бахъун ахIуге, нахъегIан гьаве.
БитIараб нухде халкъ тIобитIулев
Хиянат бихьичIев вихьизе гьаве.

ГIакълу-тадбир бугел гIадамаздасан
Гьоркьоса цIехе чи цIодорав вищун.
Чохьол цIоко гIадин цIаралъув унев
«У» чиги вищуге щиб лъугьаниги.

Партиялъул мурад къан кодоб ккурав
ВацIцIадав валагье кив ватаниги.

Аманалъго гурин нилъер руччаби
Бихьиназул мухъилъ нахъе кколарел,
НекIсияб пардавги паналъун биччан
Партиялда сверухъ щула гIуцIцIарал.

Советалда жанир руччаби цIазе
ЦIакъ хIалтIизе ккела киналго васал,
Камилаб ихтияр кодобеги кьун
Кьалде гьелги раче чияр тайпалъун.

Амма пуланасда, папав-тIутIасда
ТIубан бажарилин кколаро дида,
Дунни рази гьечIо росдал жамагIат
МунпагIат гьечIев чи гьоркьове ккезе.

**Араб гIасруялъул лъеберабилел санал**
**Имангъазали МухIамаев, Болъихъ росу.**


Инхелосев Къурбанил сурат щвечIольиялъ
1870 - 1934 сс.

## ГIЕНЕККЕ, ЙОКЬУЛЕЙ

ГIенекке, йокьулей, хабар бицине
Хиял духъ тIамурав тIалибчиясухъ.
ГIинтIаме, хирияй, рекIелъе биччай,
Мун сабаблъун ккараб сагьвиллъиялъухъ.

Сабабги мун йиго, дарманги йиго,
Дун кIалъачIониги, кIалъазин кагъат,
КIалдиб мацI гIедераб булбул хIанчIида
ХIасраталъ гьаглъараб гьинал ракI бицун

Дургун къадар хъвараб къо тIаде щвани,
ТIохил рагIалалда байрахъ чIвалаан,
Дуда къвал жемараб сордо бачIани,
Сардил гIужалъ рагьда зухIмат лъелаан.

Вай ракIалъул гьудул, дарман йокьулей,
Мун гьечIеб росулъ дир ракI кин сасинеб?
Санаул маждалда цIа гIадай гьудул,
ЦIалараб кIочана мун лъаралдаса.

Мун гьечIеб сверуда сабру гьечIев дун,
Сабру кин гьабилеб, мун ячинчIого?
ГIамбарул тIегь гIадай, тIинай меседо,
ТIамула рекIелъе, кIоларо чIезе.

ГIун-гIечIого ккараб гIащикъаб рокьи,
ГIечIев дунин абун, тIамунги тоге.
ТIегь сверун сверулеб тIинчIаб най гIадин,
Мунин свер-свердиялъ свакалев вугин.

Дургун къадар хъвачIеб къо бачIинегIан,
КъотIизе рокьила хвалчаца лугбал.
Диеги кьечIого, чидай мун кьуни,
КьогIаб загьру гьекъон, къаникье ина.

Ракьалда бижараб жавгьарул хIуби,
ХIилла тIагIарав дун хIасратго тоге:
Зобалъул гIаршалда гIурай ГIунайзат,
ГIакълу батанани, дун рехун тоге!

Дидехун юссине хиял гьечIони,
Мунапикъзабигун хъвазабе къадар;
Къуръан-ХIадис лъалев дий ячIинчIони,
Танхьица махIцарав жагьилчи восе

### Наибзаби хIелун

Наибзаби хIелун, хIиллаял гьарун,
Гьагал гIолохъаби хъвана полкалде.
Рагъул хIал лъаларел лъимал ритIана,
Лъабго тумен моцIрой гIураб жойилан

Багьа кьун росана кьарияб чуял,
Кьили-тIенк къачIана, къай-партал лъуна;
Формияб ретIелгун тIад ярагъ борчун,
Чуязде рахана сапарги бухьун.

Анжиялде щвана Щураса рахъун,
Щибаб рагъул низам лъазе гьабуна.
Зурма-къалиялъул къагIида ккана,
КъачIа –кIатIаялъул тIабигIат лъана

ТIад вугев командир цIакъ разилъана,
ЦIакъ кIодо гьаруна, гьурра бачана,
Гьоболлъи гьабуна, хъатир гьабуна,
Хазина-гIарац кьун рази гьаруна...

**Инхелосев Къурбан**

# БОРЖА КЕЧI, БОРЖА КЕЧI, КИБЕ БОРЖИНЕБ,

## БАРКАЛА, ВАЦАЛ

...Нужер цIарал лъураб гIел
ГIуна мустахIикъаблъун
Къокъаб гIумруялда нуж
РегIичIеб талихIалъе

Гьанже гьел гIолилазулъ
ГIумру такрарлъарал нуж.
Нижеда цадахъ руго
Ракьалда, росулъ, рекIелъ



Шамхал Дибиров ГIалахъ росу

## ЖИДЕЦА РИЩУЛЕЛ, ЖАЛГО РИЩУЛЕЛ

Гьанже гIадамазул рекъечIеб хьвади,
ХIилла-макру ургъун хIалтIи гIуцIцIараб,
ЦIи гьабун гIуцIцIиялъ гIорцIарал бацIаз,
БацIцIалъи бахъараб жаниб ракIалъул.

Жидеца рищулел, жалго рищулел,
ШайтIабазда релълъун хьвадулеб заман,
Рищи,-ян цIарги лъун цIадаб халкъ гьолеб,
Гьаркьихъ гIарац бикьун къалде рехулеб.



ХIажимурад ГьазимухIамадов, Кванхидалъ росу.

## ПИКРАБИ

РукIуна гIадамал, зодоса босун,
Цо абуралъ инсан гьалаг гьавулел,
Ахир батуларел бугьтаналги лъун,
Къимат бугел цIехон къабихI гьарулел.

***

Лъимал исламалда гIун рачIинчIони,
ГIурабго гьир буго нилъер мугъзада,
ХIалал-хIарамалъул гIорхъи лъачIого
Гьел гIолел ругони-ГIазанАллагь, дуй.

Салман Муссафир.

## ПИКРАБАЛЪ ВУКIАДГО РАКIАЛДЕ ЩОЛА

Дир нилъуялда гьоркь кIиябго кверлъун
Дун гIемер ургъула гьаб заманалда
ЗагIипав чиясе зазидул дунял
Долларал ругезе нахулаб заман.

Дида цебе чIчIола букIараб заман
Замзамул лъим гьекъон гIумру биччалеб
ГIадан-инсанасе хIинкъи-къай гьечIеб
Гьоболлъи, гьудуллъи гIемер букIараб.



ГIабидула СултIанов, росу ГIанди

## БОРЧIУН АРАБ РАГIИ

Пуланас абун тараб цо пуланаб къоялда
РагIул тIалабги гьабун хадув лъугьине ккедал
ГIажаибаб жо гурищ гьелъул хехлъи бихьани
Гьеб щвечIеб росу шагьар хутIунго дий батичIо.

Дове щвана кьварилъи гьанив щвана ракI бакьвай
Гьадинго борчIун араб рагIул балагь бихьулищ
Рокьарал рос-лъадуда гьоркьоб тушманлъун бахьун
Лъимал рикьуде тIамун биххизабураб рукIел.



ХалилулаевА.хIмад Гьагъалъ. росу

## ДУН ХВЕДАЛ ЛЪАДУЦА...

(МагIу хьван буго гIумруялъ редакциял-да хIалтIулев вукIарав Шодродаса ГIазизов МухIамадица. Гьеб батана гьев хун хадуб гьесул сейфалъуб).

Дун хведал лъадуца гьабила магIу,
РикIкIина рагIаби, тIела магIил хIор
Къваридаб каранлъа унеб хIухьлаца
ХIайранго борхила бакIаб зигари.

Абила рукIанин нижерги къоял
Къадруял, бахилал, халкъго урхъарал
Бицина, берцинал цIакъго гьуинал,
ГьечIого гIоларел рукIанин къоял.

БацIцIадаб, ритIухьаб хьал тIад жемичIеб,
БукIанин нижеда гьоркьоб рокьул цIа.
Гьелъул хинлъиялъул, хIеренлъиялъул,
Лъалеб асар бугин даим дур рекIелъ.

Абила гьалагаб ихдил гIор гIадин
ГIедераб ва гучаб букIанин ццинан,
ГIебеде сверидал лъарал лъим гIадин
Сабураб, гъваридаб букIанин пикру.

## ЩАЙ ДУНЯЛ ХИСАРАБ?

Щай дунял хисараб гьадигIан хехго
Щай инсан хисарав гьелдаго цадахъ
Щай гьазда кIочараб цебе букIараб
Щай гьазий гIолареб гьанже бугебгIан.

БачIун буго заман цIакъ рахIат хвараб
БачIун буго заман бикъа хьамулеб
БачIун буго заман хабар гIемераб
БачIунгеги заман гьалдаса квешаб.

ГIумардибир ХIабибов, Инхело росу

## ДИР ГЬУДУЛЗАБИ

Рукlана гьудулзаби, дир гlумруялда жанир
Хьагиниса гелгlанги дир рокьоса камичlел
Дир рохелгун къварилъи жидергольун рикlкlунел
Дун хварарлъур хвезеги кидаго жал хlадурал.

«ГIаракъиги тун вугев Сайпудинов вихьулищ
Гьанже гьесул пайда щиб, гьанже тlуван хвана гьев.
Гьединал пикрабигун руго дир гьудулзаби
Нухда данде чlваниги салам къезе чlухlула.

Сайпудинов МухIаммад, Шодрода росу

## ХЬВАНА ДИЦА КЕЧI

..ЯхI-къо рехарасде, гIамал мекъасде
МагIида перо ччун хьвана дица кечI!
Борхьил гIамал бугел мацIихьабазде
МацIал гьороледухъ хьвана дица кечI!

Чараб гIамал бугев гьудулги какун,
Кагъат тIагIинегIан хьвана дица кечI!
РекIелъ баркалагун, бахIарчи вецун,
БетIер гIодоб къулун, хьвана дица кечI!

Загьра ШайихмухIамадова, Къохъ росу.

## ЧАНГИ ВАХЪНА ВУГО ЖИВГИ ЧИЙИЛАН...

Нагагь цо хванани, цойги букIине
КIи-кIи рагIи бугел руго гIоркьилал.
Дун, дица, дирилан чагьанаги хьван,
Чанги вахъна вуго живги чийилан.

ЧухI-чIухIун кIалъала кIичI-кIичIун уна,
Жиндирго кабинет кагIбайин ккола.
Дунял цохIо жинца ккун буго гIадин,
ГIамал кIодолъиялъ гIадлу хисула.

Джамиля

Ислам гьоркьобги ккун питна бекьулел,
Кьурун гIундулги ккун жанир лъечIого,
Гьоркьоса ракI бугел къаникьги рукьун
Гендерил кьварилъухъ хинлъулел руго.

Камураб щиб дуе мугIрузул тIалъи,
Рукъ цIун бугеб рищни къватIиб гьурщизе.
ГIакълу-лъай лъухьулеб цIияб жулица,
Лъухьун унеб бугин нилъер рацIцIалъи.

Шамиль Мусаев, ГIалахъ росу.

## МАКЪАЛА

Макъала хьван тезе мацIихьанасул
ЦIарукъ ккейги буго гьересияб жо.
ТIатун рагьун бугеб хIакъикъаталъул,
Сурукълъи рагьизин цIарал хьвачIого.

Дагъистан халкъалъул жамагIатазул
ХIалбихьулел къоял дагьал рукIинчIо,
Сундулъго къуркьичIел магIарулазул,
ХIалбихьулеб заман жакъаги буго.

## БОЛЪИХЪ

Рорхатал мугIрузда гIадатаб росу
ГIажаибго берцин бихьула Болъихъ.
Дур мугIрузда ахал, цIорорал иццал,
Лъалищ кинацаго беццула Болъихъ?

Дур мугIрузда гIияхъ, гIалхуда боцIухъ,
Бер гIорцIулеб гьечIо хал ккун рукIине.
Дур халатал гIорал, тIагIамал пихьал
Даимго рачIани бокьула, Болъихъ.

Буртаби гьарулеб РахатIа артель,
Фарелал лъедолеб ГIандадерил хIор.
ГIемер консерв кьолеб Къахъдерил завод,
Кинабго дур букIин кIочонге, Болъихъ.

Дур гучаб тIабигIат тIатун букIине,
Дур гванзъараб бакъухъ хал ккун рукIине.
Дун чIола вакиллъун дур цIаралдаса.
АхIула киналго рачIа Болъихъе.

Дур берцинал ясал, лебалал васал,
Шамилил наибал жаниб гIураб ракь.
Гьалбалги хирияб халкъги разиял,
Рихьизе бокьарал рачIа Болъихъе.

Дур мугIрул, дур къвакIи лъала лъиего,
Гьеб такрар гьабула нилъер цIумаца.
Россиялъул цолъи цIунизе кIвараб
ТIолго дуниялда лъала мун, Болъихъ.

Камил ГIамирханов, Шодрода росу

## ТIАСУТIА

Борхатаб къурда тIад мугIрул ракьанда,
Буго дир ТIасутIа гьайбатаб росу.
Бакъуе гьумер къун, моцIрой салам къун,
Къиблаялде буссун тасбихI гьабулеб.

Росдал тарих цIакъго некIсияб букIин,
Цересел хабалаз нугIлъи гьабула.
Заназда рахъарал хьанчазул суртаз,
Бицуна гIасраби гIемер арабльи.

Зайналбег Рамазанов, ТIасутIа росу

# КИРАЯЛИГО РУГЕЛ ГЪУДУЛЗАБАХЪЕ...

## РАГЪУЛ КЪУРБАНАЗЕ КЪУЛУЛА БУТIРУЛ

ЦIумада мугIрузда ХIамилгIиналда
Къадар зонаялда, ЦIияб лакалда-
Рагъул кор боркьараб кьалул майдабахъ
Къуна нилъей гIоло гIумру солдатаз.

Хирияй цIалдолел, цIвабзазул зодой
ЦIарал рорхаразул хвел букIунаро.
Хиянатав тушман малакь мерхьарал
БахIарзал цIунила цIар-цIаркKун рекIелъ.

Муслим Алакский,ГIалахъ росу.

## ДИР ГIАГАРАБ РОСУ

Дагъистан дир ВатIан, дир рекIел чIухIи,
ЧIорал дуеги щван гьимула цIваби.
ЦIумаз бусен лъолеб борхалъуялда
Буго цо дир росу, рехсон телин цIар.

ЦIорораб иццул лъим гьекъола кIутIбуз
Гьелъул минабазда кьвал жемун ругез,
Къаси ракI щвакараб щоларо макъу,
Щиб хIикмат лъаларо гьениб гурони.

НурмухIамад НурмухIамадов,
АнсалтIа росу.

## ДИР ХИРИЯЛ ВАЦАЗДЕ

Цо ихдалил къоялъ къалъул гIужалда
РакIалда рачIана хирияв вацал
Доб араб замана гIагараб росу
Нижер эбел-инсул рукъ цIураб хъизан.

ТIолабго гIумруялъ дун чIухIараб кущ
Дир лебалал лъикIал вацал ругилан
Радалги къасиги щибаб лахIзаталъ
Нужедаса вохун ана дир гIумру.

МухIамаднаби Хайрулаев, Росу ТIасутIа.

## КИДАГО ЯХI РЕХИЧIО.

РекъечIеб дагIба гьабун,
Базар кибго рагьичIо.
Гьерсал рицун кIалъазе,
КIигьумерчилъи лъачIо.

Росо-ракь къватIиб чIвазе,
ЧIартил ракI жаниб гьечIо.
ХIелун хIал лъазабизе,
Лъикьаго хIинкъун ккечIо.

ХIарам-хIилла ургъизе,
Эбелалъ дий дарс лъечIо.
Дандияв какун инe-
Кидаго яхI рехичIо.

МухIамад ХIажиев, КIижани росу.

## ГЬЕРСАЗУХЪ МЕДАЛЬ

Дирги вугевани хIаким гIагарав,
ГьечIеб пиша бецIун очеркал хъвазе,
Фамусовасдехун гьудуллъи-анищ
ГьаричIел хIалтIабахъ орденал щвезе.
***
Намус бугебани, нахъегIанги къан,
Чанги хIалихъатал руцIцIун чIелаан.
Гьарурал мунагьал рахче Аллагьин,
ГIодун гьарделаан ТIадегIанасда

Имамнавави Казамбиев, Гъодобери росу.

## ЭМЕН

Эмен, мун вукъараб росдал хабалаль
Хаселги рииги ургадахъ щвана
Анкьал моцIаз хисун лъагIелал сверун
Зонода бикIараб цIарги чархъана

Балагьун батила дур гIазизаб рухI
Ясалъ дугIаялъулъ рехселарищан
Яги хабаде щун Халикъасдехун
Инсуда гурхIаян гьариларищан

Къулгьу АлхIам цIалун рухIалъеги кьун
МагIу дир беразулъ бетиларищан
Къаданийги кIусун Къуръанги цIалун
Мунагь чурагиян угьдиларищан

Лъалищ, эмен , дида мун цIакъ вичIчIуна
Гьебго нухда бер лъун ана лъимерлъи



Росдал авал къотIун унеб мехалда
Дадал ясин абун лъалхъинарищан

Балахъе хутIарал лъимадул берал
Регьухъе хутIарал лъимадул кверал
Урхъараб рекIеда рикIарал ругънал
МагIу чвахичIого гIодарал берал

Мун чIаго вукIана гьаб дунялалда
Бесдаллъи чIамизе дун тIамулелъул
ГIолохъанав вукIана гьал дир гъуждуца
Янгъизлъиялъул гьир баччулеб мехалъ

Лъалищ, эмен, дида нух батуларо
Дуцаго малъичIо духъе ячIине
Анищаца цIураб лъимералъул ракI
Рокьи бикьулелъул бихьичIо дуда

Аиша МухIамадова, Шодрода росу

## «ЭБЕЛ-ИНСУДЕ»

Мун гьитIинаб лъимер кIудав г1езег1ан.
ГIемераб гIакъуба жинда бихьарал.
Дуй бищун берцинаб гIумру кьезеян.
КьогIаб г1умру нахъа жидеца тарал.

Мун сабаблъун сахлъи ,чорхолъа арал.
Мун сабаблъун чанги макъаби хварал.
Чадил кесек дуца кIалдиб лъеч1ого.
Кванде хиялгицин гьабичIел улбул.

ГIумрудул нухаз мун кив рехханиги.
РекIелъа кидаго мун реххун теч1ел.
РикIкIаде улбул тун мун къокъаниги.
Гьезул рекIелъан мун рикIкIад унаро.



Балагье мун гьазул бадиве гьудул.
Бугодай гьурмада букIкIинч1еб бак1го.
Дуй гIоло киналго къваридал къоял.
КъулчIарал хирияв бабагун-дада.

Гьабун хIалкIоларел, хIамдалгун рецал.
Щибаб къойил буго БетIергьанАллагь.
Дуца сайгъат гьабун ракьалде щварал.
Къер берцинал маккал дие къуралъухъ.

Алжанул махI чIварал хIурулгIинзаби.
ХIалал гьабе Аллагь улбузе Алжан.
Нижее берцинаб гIумру къуралъухъ.
Кье Аллагь берцинаб ахират гьезий.
МавлидмухIаммад Расулов, Муни росу



## ГIАРЦУЕ ЛАГЪЛЪИ

Хвалдаса ворчIулев чиги гьечIелъул
Чидар боцIиялда щай ракIхъублъулеб.
МагIишатги босун щивгоги инчIин,
Щай гьелъул тIалабалъ гIумру тIамулеб.

ГIаданлъиги гIарац, гIамалги гIарац,
ГIарцуе къурдулел гIемерал руго,
Намус-яхIги гIарац, гIагарлъи-гIарац
БугебгIан гIолареб, байтулман гIарац!

Асият ШагIбанова, росу(АнсалтIа)

## ПАКЪИР ИНСАН

Сундаса чIухIулел, чIунтарал лугби,
БоцIи-панз гIемерлъун рохуниц ругел.
ХIарам гьабун щвараб давлаялдаса
Инсанасе хайир кинаб букIунеб.

ГIарац цIикIкIун ругел бецлъун рихьула,
Бечелъи-боцIуца цIугIлъун ратула,
Мискинлъи-язихълъи лъаларин ккола,
ГIасрабаз хвеларин гьелги ратила.

Огь, панаяб дунял, пакъирав инсан,
Унгодай даимго чIаго рукIинел,
Херлъизего гьечIищ, хвезего гьечIищ,
Хабалъ киданиги лъезего гьечIищ



Мадлен МухIаммадова,
росу Болъихъ

## ЛЪУКЪАРАБ РАКI

МугIрул тIогьибги чIун чанил тIанчIица
ТIугьдул кунел руго квен тун дунги тун.
Керен дирги бихъун бахъун ракIги ун,
ХъахIилаб зодихъе боржанин тIавус.

ТIулбузул гьацIуда хIеги гьорлъ жубан,
ХIилла гьабун танин гьудулалъ дие.
ХIасрат бергьун бугин кучIдулги ахIун,
ХIеж борхун буссанин сурмияб микки.

Судалъищ дун къурав, къадарищ хъвачIеб,
Хъван хIукму щай дуца дихъе къолареб?
Къурун вуссаяниц, сверун чIаяниц,
СияхI дуца диргун гьабизе бугеб?

ГIалидибир Баширов, АнсалтIа росу.

## «ОЧЕРЕДНАЯ ИЗАУРА»

Лага-черх чIурканаб, жибго тирияб
Азарго къуниги дарам гьабичIеб.
КIиго гIин къотIараб, кьенсер бер чIегIер
Пуланаб сардида рокъоб бачIичIо.

МоцIал ана, лъагIел сверулеб буго
БетIергьанас хIама цIехолеб буго
Гьабураб хъулухъдай алъий гIечIебан
КъахIан бетIерги ккун пикрабалъ вуго.

Гьанже тIаделъана район тиризе
Кьенсер бер чIегIераб хIама цIехезе.
Инсуца рачIунел кIуртул рихьани
Изаура чIела эхетун цее.

Шумайсат Нурудинова, Шодрода росу.

# МАДАНИЯТ



Ашура Чулакаева

«Певица-голос соловей», так называли ее после отчетного концерта в городе Махачкале. Ашура неоднократно становилась лауреатом многих конкурсов, фестивалей и смотров. После выступления Ашуры, зрители аплодировали стоя, кричали «соловей-соловей». Вот такая была наша замечательная певица Ашура Чулакаева.



Семейный ансамбль Шалаповых был создан в 1983 году.

Создателем и бессменным руководителем был глава семьи Шалапов Шамхал. Семейный ансамбль ежегодно принимал участие в зональных и Республиканских проектах семейного художественного творчества «Семья Дагестана». Ансамбль Шалаповых -победитель конкурсов семейных ансамблей района, награжден дипломами, грамотами районной администрации и управления культуры. Шалаповы- лауреаты Республиканских фестивалей праздников семейного творчества.



Патимат Рамазанова

Это было в 1948 году. На Республиканском женском съезде в качестве делегации присутствовала юная Патимат Рамазанова. Между заседаниями съезда были организованы музыкальные выступления знаменитых и популярных артистов Дагестана. Все это происходило в здании Русского драматического театра им. М. Горького. Делегация женщин каждого района в перерывах съезда стремились показать свои умения в разных жанрах искусства. Не осталась в стороне и делегация из Ботлихского района, в честь открытия музыкальной части была представлена юная звонкоголосная Патимат. И по залу пронесся, звонкий мелодичный голос юной горянки.

Ее выступления встретили бурными аплодисментами. Как только Патимат закончила свое пение, к ней подошел белобородый аксакал, с нежным довольным лицом, и сказал: «дайте я обниму и расцелую это юное дарование, которая, пробудила в моем сердце столь нежные чувства». Только потом узнала Патимат, что старик который приобнял ее как родной отец, является народным поэтом Дагестана Гамзат Цадаса. Всеми почитаемый поэт поздравил певицу из с. Ботлих Рамазанову Патимат. В 1952 году Патимат участвовала в г. Москве на конкурсе песен. И там жители столицы громко аплодировали ей, где бы ни выступала Патимат, она показывала себя как талантливая народная певица.

## КИН БУГЕБ МУН БИБЛИОТЕКА?



ЧIахIиял чагIазул биценалда рекъон, цебе библиотекаялдасан тIахьал росулелъул ирга-би рукIунаанила, цоцахъан босун сордо-къоялда жаниб кIиго-лъабго чиясгицин тIехь цIалун лъугIизабулаанила.

Узухъда, гьел рукIана магIарул районалъулавтораз хъварал тIахьал-Муса МухIамадовасул, Фазу ГIалиевалъул, ГIабдулмажид Хачаловасул ва гь.ц. Кинаб хIалха бугеб гьеб рахъалъ жакъа районалъул ва хIалтIухъаби росабазул библиотекабазда?
Гьеб суалгун нижер мухбир дандчIвана Болъихъ бугеб библиотекаялъул хъулухъ гьабиялъул отделалъул хIалтухъаби Хадижат ХIажиевагун ва Мажидова Хадижатгун.

**-Хадижат, кинха бугеб жакъа библиотекаялъул иш тIахьал цIализе рачIунезул ирга букIунищ?**

-Жакъа къоялдаги тIахьал цIалулезул рахъ мукъсан бугин абиларо. Амма цебе гIадаб жангьира бихьулеб гьечIо. Цебе хасго магIарул адабияталдехун букIана гIорхъи гьечIеб рокьи. Лъаларо тIахьал гьечIольиялъищ амма доб цебе букIараб цIехрех, бакканищ цIияб тIехь абун цIалдолезулъ гьечIо.

**-Нужер цIалдохъабаз кинал тIахьалха цIализе тIаса рищулел?**

ГIемерисез тIаса рищула гIурус мацIалда хъварал романал. Гьелги рукIуна къватIисел пачалихъазул авторaз хъварал тIахьал…

**Жакъа магIарул мацIалда хъварал тIахьал цIалдохъабаз цIехонгутIиялъе гIиллалъун нужецаго щиб рикIкIунеб?**
Цебе тIахьазда хадуб кIудияб очеред букIунаан, жакъа концертазде гIадин хьвадулаан халкъ библиотекаялде. Жакъа гьел дагьлъиялъе асливб гIиллалъун дица рикIкIуна мацIалъулгун гьоркьоблъи, ай рокьи тIагIун букIин. Цоги, ругел гIиллаби: тIахьалги цIалун лъугIун ругони, цIияв тIахьалги рачIунел гьечIони, гьелги щибизеха рачIинел? Жакъа къоялда нижеца хIаракат бахъулеб буго цIияб гIелалъул тIахьаздехун гIищкъу бижинабизе.
**Бокьилаан дагьаб гIатIидго бицине.**

ТIоритIула батIи-батIиял тадбирал, юбилеял. Гьале, дагьаб цебегIан нижеца рахьдал мацIазул къоялда хурхун школалъул цIалдохъабиги ахIун, бачине бегьула суал щай абун, щай гурелъул цIалдохъаби руго нилъер гIолеб гIел ва гьоркьохъеб гIелалъул тIахьазулгун хасго магIарул мацIалда рахъарал кинабгIаги бухьен гьечIо. Гьезие мацIалдехун кIвар кьезе ккеялъул, гьеб лъазе ккеялъул бицун кIалъазе яхъана рахьдал мацIалъул мугIалим Загьидат Якъубова.

Гьелъ бицана рачун мисалалгун лъугьа-бахъиназул. Лъималаз цIалана рахьдал мацIалде гьарурал кучIдул: Расул ХIамзатовасул «Авар мацI» ва гь.ц. ЛъикIаб гIодобчIей кканин ракIалда ккола.

**«Гьудуллъи» газета гьоркьоб ккун щиб абизе бокьилеб нужее районцоязда?**

ГьаБ ахираб заманалда магIарулаз, магIарул мацIалда цIалулеб батила Республикаялъул «ХIакъикъат» ва районалъул «Гьудуллъи» газета. Бокьилаан абизе: цIале нужецаго ва лъималги цIализе тIаме магIарул мацIалъ хъварал магIарул авторазул тIахьал. Гьениб бихьула нилъеда умумузул гIумруги, гIадатги, гIамалги. Гьеле нилъее мисалги.

ГI. МухIамадова.



В районе начал действовать первый вокально-инструментальный ансамбль, лауреат всероссийских и дипломат Республиканских конкурсов «Ритм времени».
В этот же период был создан один из первых фольклорных ансамблей в Дагестане «Цагуна», где участниками ансамбля были работники колхоза, мед. работники, работники образования...

# ТЕАТР-МИЛЛАТАЛЪУЛ ПАСПОРТ

## 27 МАРТ - ТЕАТРАЛЪУЛ КЪО



## БИТIАРАЛЪУБЕ КВЕРГИ ГIУНТIУЛЕВ, ТIАМУРАЛЪУБЕ ГАЛИГИ ЩОЛЕВ

МухIамадрасулица тIоцебе байбихьана жиндирго рекIелъ рижун рачIунел пикраби цIалдохъабазе кучIдуздалъун загьир гьаризе, гьеб гьесухъан лъикIго бажарулебги букIана. Амма гьелъ гьесие гIей гьабичIо. ГьитIинго рекIелъ рукъ ккун чIчIараб артистасул махщел щвелародаян Авар театралъул коллективалде гьорлъе жувана.
МухIамадрасулица хIарал гIемерал образаздаса цо-цоял цойги нухалъ рихьизе анищилан балагьулезда ракIалде ккоlелъун хутIана: М. Сулимановасул «Ирсилазда»- Гороч, Хубецовалъул «Эбелалъе рецц»-Чермен, Вампиловасул «ЦIикIкIарав вас»-Сильва, «Берцинал ясал хъамулеб куц»-Руслан ва гь. ц. гIолохъанав артистас гIуцIцIарал гьел сипатазухъ балагьаразул разилъиялъе кьабулеб хъатил гъугъаялъ нугIлъи гьабулаан.

МахIмуд ГIабдулхаликъов





## БИЩУНГО КIУДИЯБ КЪИМАТ-ХАЛКЪАЛЪУЛ ХЪАТ

Н у р м у х I а м а д о в НурмухIамад Кьохъ росулъ гьавурав, Кьохъ росулъ гIурав кьахъдерил гIадат гIамалги цIунун гIадатиял магIарулазулги адабияталъул героязулги, образал росизе гьунар бугев режиссер.

1984 соналъ Тбилисиялда Шота Руставелил цIаралда бугеб театралияб институт багIараб дипломалда лъугIарав НурмухIамад театралъул коллективалъ лъикI къабул гьавуна.
Гьес ролал хIана: «Мун йиго дир эбел», «Камалил Башир», «ХIелказул балагь», «Хъамурав бахIарав» ва гь.ц. спектаклязулъ.

ХIалтIулев вуго Болъихъ Культураялъул рокъов режиссерлъун. Балъхъадерица лъикI къабул гьабуна «Африкаялдаса бахIарав» абураб спектаклял.

Жакъа къоялда НурмухIамадица спектаклял, лъолел руго Авар театралъул сценаялдаги.

2009 соналъ гьев вахъана РД культураялъул мустахIикъав хIалтIухъанлъун. 2013 соналъ гьесие щвана Президентасул грант. 2014 соналъ «Душа Дагестана» абураб номинациялъулъ грант Главы РД. Бищунго кIудияб къиматлъун гьес рикIкIунеб буго халкъалъул хъат.

## «ДУНЯЛАЛЪУЛ ИНСАН»

Оперияв кочIохъан хIисабалда МухIамаднур МухIамадовас бетIераб гIахьаллъи гьабуна «Хочбарил» ва «Ирчи Казакил» хIакъалъулъ ругел Дагъистаналъул халкъияб операзда. 2000 соналъ гьесие кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъав артист»- абураб тIадегIанаб цIар.



## «ХЪАХIАБ РОСУЛЪА МАХIМУД»

ГьитIинго музыкаялде рокьи ккарав ва кучIдул ахIизе хIасратав Кьохъа МухIамадсайгидида рагIун буго авар театралъ Тбилисиялде цIализе ритIизе гIолилал васалгун ясал ралагьулел ругин. Хъата-масан нух босула гьес авар театралде. Лъабго моцIалъ сценаялъул монтировшикльунги хIалтIун, актерлъун вахъине хIалбихьула гьес. ТIоцебесеб роль хIана «Молодежь с Гавани» абураб спектаклялда почтальонлъун.
1985 соналъ умумузул гьариялдалъун росулъе тIад вуссуна.
ВачIинахъего, гьев тIамула культураялъул рукъалъул нухмалъулевлъун. Гьесул квербакъиялда гьоркь КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 40



сон тIубаялъул юбилеялде «Материнская слава» абураб спектакль лъола росулъ. Гьеб спектаклялъ цIарги машгьур гьабула гьесул.
1986-1989 соназ Дагъистаналъул КПУялда цIалула заочно режиссерасул махщалие.
2016 соналъ авар театралъ гьев ахIула «МахIмуд ва Муи» абураб спектаклялда аслияб роль хIазе.
Имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубалеб тадбиралда гьес хIала Имам Шамилил роль.
2018 соналъ вахъуна Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав хIалтIухъанлъун.

## НАИБ ЮНУСИЛ РОЛЬ ХIАРАВ

Жакъа къоялда Авар театралда хIалтIула ругел гIолохъанаб цIияб гIелалда гьорлъ вуго Хелекьури росулъа Рамазан ГIабдулгъаниев.
Чанго соналъ Болъихъ бугеб Культураялъул рокъовги хIалтIун, Рамазаница ишан лъуна Авар театралде. Гьесул гьунаралъ хассаб бакI ккуна театралъул гьастIа.
КIудияб бажаригун гьес хIана «Недопетая песня»-ЧIалдаса ГъазимухIамадил, «Али с гор»-Камилил, «Аршинмалалан»-Аскерил, «Горянка»-ГIисал, «АхIун бахъинчIеб кечI» ЧIалдаса ГъазимухIамадил, «Намус»-милиционерасул дурцасул ролал.
Героясул образ рагьизе ГIабдулгъаниевасул бугеб гьунар бихьун гьев ахIана «Имам Шамиль» абураб киноялда наиб Юнусил роль хIазе. БитIккей ва чIахIиял бергьенлъаби гIолохъанав актерасе.



# БОЛЪИХЪ РАЙОН - МАДАНИЯТАЛЪУЛ ГЪАНСИТО

## Дагъистаналъул Маданияталъул мустахIикъал хIалтIухъаби




**ГIудуллъи газета гlуцlарал**

«Болъихъ  район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**

Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru **Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул бакIалда:**

М-Р. ГъазимухIамадов

**Отделалъул редакторал:**

П. Дибирова

ГI. ГъазимухIамадов

**Мухбирзаби:**

ГI.МухIамадова

М. МухIамадова

**Наборщица** П. Эльдарова

**Дизайнер** С. Камилова

**Корректор:** П.МухIамадова

**Фотокорреспондент** К. Камилов

**Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массо- вых коммуникаций по Республике Дагестан. 3I мая 20I7 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 0038I**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, ЦентралиябкъватI, 5

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 3670I8, МахIачхъала,**
**Петр-I-ясул къватI, 6I**
**Тираж -550**
**Индекс-5I349**

*Заказ №* _____